




Genyen èd!

BOUSDETID POU TIMOUN LEKÒL FLORIDA YO



Se pa tout elèv ki aprann menm jan an. Se pou sa Step Up for Students egziste:
pou bay timoun Florida yo ki bezwen èd, opsyon aprantisaj ki pi bon pou yo.

Step Up For Students is a nonprofit scholarship funding organization that helps administer five programs for Florida schoolchildren:

Bous ki baze sou revni

Gen de bous disponib pou elèv ki gen revni pi ba yo: bous **Florida Tax Credit** ak bous **Family Empowerment**. Tou de bous yo bay elèv yo yon opsyon pou jwenn pi bon lekòl ki satisfè bezwen aprantisaj yo jadenenfan a filo (K-12). Tanpri eskane Kòd QR lan avek camera telephone ou pou wè direktiv revni yo pou wè si fanmi ou kalifye.



Bous pou timoun espesyal yo

Bous **"Gardiner Scholarship"** la ede fanmi Florida yo adapte edikasyon pou pitit yo ki gen sèten bezwen espesyal ki gen laj 3 a 22 an. Bous la kouvri 17 dyagnostik, ki gen ladan maladi spectre otis, Down sendwòm, andikap entelektiyèl, spina bifida ak domajman nan sèvo. Paran yo ka itilize lajan bous la pou yon pwogram de konbinezon de apwouve ak founisè ki byen satisfè bezwen aprantisaj pitit yo.

Bous pou elèv ki entimide

Pwogram **"Hope Scholarship"** la bay soulajman pou elèv ki entimide nan yon lekòl piblik. Li ba yo yon opòtinite pou transfere nan yon lekòl piblik jadenenfan a filo (K-12) ak kapasite nan yon lòt zòn oswa pou mande yon bous pou elèv la ale nan yon lekòl prive ki kalifye. Pou kalifye, ensidan an te dwe fèt nan yon enstitisyon edikatif piblik jadenenfan a filo (K-12), nenpòt pwogram oswa aktivite ki gen rapò ak lekòl, enkli monte nan otobis lekòl la oswa ap tann nan estasyon bis la.

Bous pou ede ak lekti

Pwogram **"Reading Scholarship Accounts"** se yon pwogram kont depay pou edikasyon pou elèv klas twazyèm ak senkyèm ane ki enskri nan lekòl leta ki fè nòt 1 oswa 2 nan Evalyasyon Florida Standards Assessment nan twazyèm oswa katyèm ane nan seksyon lang anglè ane anvan an. Ak yon valè de \$ 500 chak, kont ekonomi edikasyon ede paran yo jwenn pwogram ak founisè yo pou ede pitit yo amelyore kapasite lekti yo. Elèv ki klase kòm Elèv k ap Aprann Lang Anglè (tankou timoun ESOL yo), epi ki enskri nan yon pwogram oswa ki resevwa sèvis ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen ansèyman elèv kap aprann lang angle, ap gen priorite.

 **Pou aprann plis enfòmasyon oswa aplike, vizite nou sou www.StepUpForStudents.org**

Fon pwogram yo limite epi yo disponib pou premye moun ki aplike anvan yo.

Fe atansyon: Sitwèb Step Up for Students la ak aplikasyon pou bousdetid yo disponib sèlman nan lang angle ak Panyòl.

 StepUp4Students  StepUp4Students  @StepUp4Students  Scholarship Hotline 877-735-7837